

1. *Son* oubyen *sans*:

(a) Kisa Dejan di pou Dominiken,

- li se fè lèt remèt _____, kit yo pouse son, kit yo pa pouse _____

(b) epi pou pi fò elèv ak pwofesè ayisyen,

- li se fè lèt pouse _____, kit yo remèt _____, kit yo pa remèt _____

2. Ki vil ki asosye ak nasyonalite sa yo?

Brezilyen

Chinwa

Ejipsyen

Franse

Japonè

Ris

3. Ki diferans ki genyen ant fason ti Dominiken leve ak fason ti Ayisyen yo leve? Poukisa li vle siyale diferans sa yo?

4. Poukisa edikatè ayisyen gen “malis kache nan kè yo? [...] Timalis an akademisyen franse mawon.”

5. Ki pousantaj elèv ann Ayiti pa konprann franse?

6. Ki pousantaj pwofesè ann Ayiti pa pale franse vrèman vre?

7. Dejan di yon timoun **atrap** konesans pi byen lè...

- **Konnen li konnen** se kreyòl sèlman yo konnen èske se **egzajere** m ap **egzajere**?
- mesye dam ant dezaj
- moun k ap bay odyans
- sitiyasyon lekòl tèt anba a kapab vire lòlòy anpil moun save ann Ayiti
- Se nan yon lang ki te rele yo chè mèt chè metrès

Valdman 2007; 11-12

Jwenn asosye / sinonim mo agòch la:

- | | |
|------------------|-----------------------------|
| 1. akòde | ____ti bebe nan vant manman |
| 2. akòkò | ____blese |
| 3. akomode | ____fè bagay |
| 4. akouche betiz | ____gita |
| 5. akoukouman | ____chich, peng |
| 6. akrèk | ____radòt |
| 7. aksidante | ____pwoblèm |
| 8. akouple | ____ajiste |

Dejan 9 – 18

Defo nan tout sistèm lekòl merite anpil kritik.

Defo sistèm lekòl ann Ayiti se mande ti Ayisyen wete po kreyòl yo sou yo lè yo pile baryè lekòl

Filozofi edikasyon se **pedagoji**

Timoun mennen pwòp aktivite yo nan tout nivo devlopman yo.

Timoun gen konesans pa l.

Baybe te panse Afriken Ameriken te gen yon “mank” osnon yon “reta” nan devlopman lang. Li vin wè se sèlman “diferans.” Youn pa vo plis pase lòt:

Tout lang se zouti ki egalego. Men sa pa vle di lasosyete trete yo konsa...

Aprann yon lang nan granmoun / **Benyen nan yon lang** nan timoun

Teyori laj kritik la (1 rive 6 ane).

Ki jan pou n avanse nan edikasyon

Aprann depann de bon jan konesans lekti
Aprann li chita sou sa nou wè, tandè, konprann epi ki enterese nou
Li toutbon vle di konprann toutbon

Pwoblèm: Gen kote TOUT moun pale yon menm lang epi lekòl se nan yon lòt lang.

Sonje: - 6 an: 14,000 mo
- Men yo mete sèlman 235 grenn mo nan liv lekti premye ane.
Sa vle di 14,000 mo sa yo se BAZ konesans lekti.

E ann Ayiti? Èske yon timoun ki nan premye ane lekòl konnen 14,000 mo franse?

Chemèn nòm al konesans nenpòt ki moun se lang yo deja konnen fen e byen
Dejan 9 – 18...

RENMEN nan edikasyon

Edikasyon dwe montre yon timoun renmen tèt li, respekte tèt li, respekte lòt moun

- Lang se mwayen prensipal pou transmèt konesans
- Timoun pa chwazi lang li pale a, poukisa pini l poutèt li pale kreyòl nan ap ba l franse? Poukisa viktimize timoun nan?

Valdman: Bati vokabilè kreyòl nou!

Defini mo sa yo an kreyòl; ba yo yon ti egzanzp orijinal tou.

anplimdepàn	ansanse
anpire	anpresman
anpile	anpoul

- | | |
|--|----------|
| 1. Se yon moun ki aktif, l ap toujou aji | anpoulaw |
| 2. Si ou gen enfliyan, ou gen sa | anpriz |

3. Yo ranje manje moun nan	anpwazonnen
4. Li fou, li danjere	anraje
5. W ap fè yon entèvyou	anrejistreman
6. Yo sènen bann nan	ansèkle
7. Li te touye nèg la	ansasinen
8. Ou gripe, larim ap koule nan nen w.	anrimen
9. Yon seri bagay ki plante nan ou menm	anrasinen

Dejan 18 - 30

I. Bèl sitasyon

Yon mwayen enpòtan yon pèp etranje genyen pou li touye yon lòt pèp li kolonize anba manti, se foute lang li fon nan tèt yon swadizan ti 'lelit' tyoul li defòme nan yon sistèm lekòl.... (20)

“Lè se lang kolon an ki lang lekòl la... distans ant klas sosyal yo se ogmante li ogmante angiz se diminye li diminye” (20)

II. Keksyon. Esplike ak diskite kekisyon yo ak yon zanmi:

1. “Esperyans ki fèt nan tatonnen.”
2. “Lekòl fèt pou timoun, timoun pa fèt pou lekòl”
3. Kisa ki alfabetizasyon an?
4. Dekri pwoblèm nan lekòl nan Ginen Bisao.
5. Dapre Gatenyo, ki jan edikasyon an dwe ye? Diskite filozofi edikasyon li. Ki jan li wè ‘koreksyon’ nan lekòl la?
6. “Mèt Rapote” reprezante edikatè ayisyen an, sa li fè ki pa bon dapre Dejan?

7. “Listwa chaje ak egzanj sosyete ak enstitisyon ki goumen kont. laverite, pou pi gran malè ni sosyete a, ni enstitisyon an.”
8. Bay plis egzanj pou Etazini oswa yon lòt nasyon.
9. Ki kalite pwoblèm anpil gran edikatè nan gwo peyi pa janm wè men ki genyen ann Ayiti.
10. Poukisa Dejan ap pale de mo *Kindergarten* ann Ayiti?
11. Èske edikasyon sèlman egziste nan lekòl la?

III. Tradui

1. ...**etan** y ap tatonnen
2. si gen **kichòy** ki klè pou li tankou **dlo kokoye**
3. wete rad kreyòl yo sou yo... pou al benyen **toutouni** nan yon mwaye **gode** franse **mawon**
4. grangwaw **toutolon** wout nasyonal nimewo 2
5. nan koupe depans inital ra tè

IV. Valdman = Fè yon fraz ak mo yo. Fraz la dwe montre n kisa mo a vle di.

balewouze – baleyaj – balonnen – bamann – banana – banbile –
banboche/banbòch – banda – bandaman – bande

Valdman 63-64 ak 115-116

Aktivite pale!

Wè si ou ka (1) defini mo a an kreyòl. (2) Kreve yon ti fraz ak mo a. Eseye (3) bay yon sinonim tou. Tcheke si ou (4) sonje yon lòt espresyon ki konekte ak mo a.

1. balonnen
2. banbile
3. banboche
4. banbòch
5. banda
6. chante gam
7. chante pwen
8. bay yon moun chaplèt
9. chapit
10. chape
11. mete yon moun anba chaplèt

Dejan 31 – 35; 3641

Keksyon pou diskite.

1. Kisa paran timoun Chinwa nan Sannfransisko te mande ?
 2. Konben timoun enskri nan lekòl ann Ayiti ?
 3. Ki jan yo rele yon pwofesè ki gason ak yon pwofesè ki fi ann Ayiti?
 4. Ki sa yon elèv ayisyen pa konprann? Poukisa se yon pwoblèm?
 5. **Konprann** depann dirèk sou kisa?
 6. Ki kalite aprann se “jako repèt” ann Ayiti?
-
7. Poukisa Ayisyen se moun vini nan pwòp peyi pa yo?
 8. Ayiti se sèl grenn peyi nan ki kategori
 9. Èske Ayiti se yon peyi ki konplike oswa senp onivo lang yo.
 10. Ki lang yo pale nan Labèljik? Epi nan Kanada?
 11. Konben lang yo pale Ozetazini? Nan Nijerya?
 12. Konben lang yo pale nan Fidji?

Vokabilè 31-35

Se yon **plent** yo te fè
Se **moun vini** yo ye
Se moun peyi a **natifnatal**
Moun alawonnbadè
...nan **fen fon** peyi a...

Male teacher
Female teacher
Either public or private
To walk backwards

...Neither speak, nor
understand, either in
the capital or in the 9
departments

Hygiene
Poetry
Experimental

Bay lang prensipal yo pale nan peyi sa yo :

Almay

Lachin

Espay

Lafrans

Itali

Japon

Kore

Polòy

Tanzani

Pòtigal

Vyetnam

Lesoutou

Dejan 2006 : 35-41

“Ti elèv ann Ayiti viktim prejije yon ti gwoup moun ki eritye byen, mès ak zak kolon yo e ki asepte vye lide ak vye manti anndan kè yo ak sèvo yo. Kòm kwa gen moun ki ta gen plis valè pase lòt moun... Gen lang ki ta plis pase lòt lang. Gen lang ki ta baryè konesans. Gen lang ki ta chemen konesans” (2006: 40)

1. Esplike diferans ant LANG ak DYALÈK.
2. Ki lang avèk dyalèk ou kapab jwenn ann Ayiti?

3. Kisa chak lang genyen? Eske nou kapab di *yon* lang pi bon pase yon *lòt*?
4. Sa k rive nan edikasyon ayisyen apre konkòda a an 1860.
5. Poukisa Dejan di pwofesè ayisyen aji ak malveyans ak lenkonduit onivo pedagogik ak moral?
6. Ki pawòl ki nan nimewo 5 nan konstitisyon 1987 la?
7. Poukisa Dejan di kreyòl se yon “sistèm estwòdinè”?
8. Nan ki sans timoun ayisyen toujou viktim abi gouvènman franse apre 200 lane endepandans?
9. Kijan Dejan dekri depatman Franse Martinik oswa Gwadeloup? Ki rapò yo genyen ak Lafrans?

Ti dikte pou pratike òtograf kreyòl la :

- a) Timoun se yon ti zile nan lanmè kreyòl.
- b) Lang pèmèt moun brase lide yo nan tèt yo.
- c) Kreyòl se chemen konesans nòminal lasyans modèn .
- d) Pwofesè lekòl konn repete erè kon sa je chèch.
- e) Yo kenbe sèten mès ak abitud franse.

... li te gen pou l aprann leson l pa kè pou landemen.

10.Nonsèlman y ap pale de jeyografi an Franse, men yo pa gen
_____.

Repons

1. Se sèl grenn peyi ki vanse gen 200 ane depi li endepandan kote timoun ki gen laj pou y al lekòl oblije etidye lekòl nan yon lang etranje.
2. yon milyon de san mil timoun
3. Mèt ak matmwazèl
4. Franse
5. Li fasil, tout moun pale kreyòl.
6. Kat
7. Se yon lang.
8. Sistèm respirasyon...
- 9.

Dejan paj 42 – 52

Grenadye alaso, sa ki mouri zafè a yo
700 bato ak 80 mil maren franse nan pò Sendomeng chak ane

Pwoblèm aprann yon lang etranje
Granmoun kanpe, timoun pase;
Jako rèk pa kab aprann

Baton ki nan men w, se avè l ou pare kou

Teyori gramè

Gramè Inivèsèl

sistèm nan se yon mekanik pou atrap lang; aparèy pou atrap lang
koze ki frape zorèy deklannche mekanik la
prensip ak paramèt: egzanp “DP” ak “NP”

[DP [D' [NP [N']]]]

[DP [D' [NP [N']]]]

Aprann yon lang nan timoun = natirèl; nan jwe

PERYÒD KRITIK LA

Aprann yon lang nan granmoun = nan fè jefò

Chemen long, gonbo di

Vokabilè

lang franse antre dri

bouch yo pa t gen dimanch

yo degaje yo malman

granmoun pa janm fin bòs nan yon lang etranje

Kwiz sou Valdman 151-152 & 199-200

1. Dekwoche _____ nan
 - a. machin
 - b. telefòn
 - c. plim
2. Van an _____ Jàn.
 - a. dekwennen
 - b. dekwafe
 - c. dekwochi

3. Fò ou _____ kras sou ou.
- a. delase b. delesté c. dekwote
4. To take steps toward
- a. fè pazapa b. fè demach c. gade delatètopye
5. Li delèkè nèt...
- a. strong b. weak c. crazy
6. Zeklè a voye yon **ekla**. Kisa *ekla* vle di?
- a. boom b. rumble c. flash
7. Bay sinonim pou adjektif **eklere**:
- a. limen b. save c. pa konnen
8. Discharge / gonorrhea:
- a. ekòs b. ekolaj c. ekoulman
9. Yon moun ki egzile pa kapab tounen nan peyi l fasil.
- a. Vre b. Pa Vre
10. Delala
- a. drive crazy b. wear out

Dejan 64-70

Analiz lespri/sèvo -- Mèvèy ki nan bouch timoun

Dejan ap montre genyen anpil bagay nou

konnen yo san nou pa aprann yo:

Ki jeneralizasyon ou kapab twouve nan egzanp sa yo ? Poukisa yo bon oswa pa bon ?

*** = fraz la pa bon an kreyòl**

- | | |
|---------------------------------|--------------------------------|
| (1) a. Se vre, m akaryat | b. Se vre, mwen akaryat |
| (2) a. Lanmò a fè m akaryat | b. Lanmò a fè mwen akaryat |
| (3) a.*Lanmò a rann *m akaryat | b. Lanmò a rann mwen akaryat |
| (4) a. Tann m ale anvan w fache | b. Tann mwen ale anvan w fache |
| (5) a. *Tann m atò | b. Tann mwen atò |
| (6) a. *Tann m anvan | b. Tann mwen anvan... |
| (7) a. Li wè m atò | b. Li wè mwen atò |

Esplike:

1.
 - a. gwòs / plenn (b) / ansent / gwo vant
 - b. miba, metba / akouche
 - c. vach bèf / bèf / gazèl / ti towo / towo
 - d. chwal / jiman / poulich / poulen
2. “Erè fèy papye blan san trase a.”
3. Bay kèk egzanj bagay ou konnen san aprann.
4. Li dènye paragraf nan paj 71. Poukisa dekouvèt lang ougaritik enterese Dejan?

Poulich – filly

Poulen – foal

Jiman – mare

Gazèl – heifer, young cow

Aktivite koute

1. Istwa pale sou kisa ?
2. Ki moun bay istwa sa a ?
3. Kote l prale ?
4. Dekri vwayaj li.
5. Kisa li deside fè lè l tounen.
6. Kisa ki rive timoun sa yo ?
7. Ki lengwistik ki nan kont sa a ?

Tradui / Itilize....

Derape – ou pa **fouti/kapab** dòmi – twotwa a –
boureye – kapòt – kenkay – l ape file – **lodjans** ap
gaye – A ! – nan *man* yo – leswa – tire kont – tonton
an m – jouskaske – ti nonm ki t ap giyonnen m – fè
zanmi ake y – dite vètivè a – peyi a y – « Ti Okap » -
Lise Petyon – deblozay – fonsè pòt – **fofile kò l** –
baton chaplèt – li fè floup – **tonnè boule m** ! li vle
fann tèt ou – kèlkeswa nou pale -

Keksyon sou paj 72-77

1. Poukisa tit chapit la se « Bouch pou pe » ?
2. Esplike ki jan « Lekòl kabre verite ki enpòtan ?
3. Poukisa « Ipokrit se lizay » ? Eske ou kapab bay kèk egzanp Ipokrizi ameriken ?
4. Esplike : kreyòl / franse / laten.
5. Yon ti elèv Dominiken ta twouve ki kalite moun fou ?
6. « Se depale y ap depale » ... ki moun ?
7. Ki de lide ap goumen nan tèt pi fò Ayisyen ? (p.77)

Batay vokabilè : jwenn mo ki manke a (70-77)

tatonnen	fè fopa, chache, eseye (t..)
epav	vakabon, aryennafè
Li se yon kreten	enbesil, sòt
kretyen	li swiv Kris
Lide kwochi	Lide ki pa bon, ki pa drèt
Ipokrit se lizay	Sa ou konn fè, pratike
(1...)	

Batay vokabilè : Dejan, pp. 79-85

M ba ou kreyòl oswa angle, èske ou ka ban lenvès la ?

1. Fann nan kò (yon moun) = to put pressure on someone
2. Nan de tan twa mouvman =
3. Pa reponn kwik =
4. = Australian
5. = even adults/the elderly
6. = Bible verses
7. = outloud
8. = tape recorder
9. Li detounen lajan
10. = block their sight, blind their eyes
11. = ban (a person) from using
12. = they're not uprooted (from their country)
13. = language training

Sèvi ak vokabilè anwo a kominikativman

Ki moun vle fann nan kò w ?

Kisa ou vle fè nan de tan twa mouvman ?

Ki lè ou pa vle reponn kwik ?

Ban m yon Ostralyen tout moun konnen.

Ki bagay ata granmoun konn fè ?

Ki vèsè Labib ou pi renmen ?

Kisa ou pa vle di avivwa ?

Kisa ou vle anrejistre sou yon teprikòdè ?

Ki ameriken te detounen anpil lajan resaman ?

Ki jan Ameriken konn bouche je yo ?

Ki sa ou vle defann nan sosyete sa a ?

Ki jan ou te ka vin depeyize ?

Kisa ou pi renmen nan antrènman lang ?

Dejan, paj 89 – 101

Ti kwiz sou Dejan

- | | |
|---------------------------------------|---------------------------|
| 1. Yo serye | ___ labank |
| 2. Ban m konkou w | ___ ayisyen |
| 3. Kòd la makònen | ___ anpil tan |
| 4. Fanm se potomitan Ayiti | ___ yo wè sa |
| 5. Depi tann dat yo pa vini | ___ panyòl |
| 6. Yo temwen krim nan | ___ moun ap pwoteje yo |
| 7. Timoun nan gen yon fistibal | ___ mare, konekte |
| 8. Naje nan lang lan | ___ konpetan |
| 9. Neye nan lang lan | ___ ti zam fèt ak elastik |
| 10. Yo pa piti san gadò | ___ sa k pi enpòtan |
| 11. Li gen yon kanè | ___ èd, koutmen |

Esplike / defini an kreyòl espresyon ak mo sa yo:

12. Aprann pa kè
13. Jako repèt
14. Konnen san aprann
15. Yo gen **ladrès**

Ti dikte:

16. De towo pa kòmande nan menm savann
17. Kreyòl se potomitan edikasyon ann Ayiti
18. Zansèt ki vivan, zansèt ki desede

Koze alfabetizasyon nan Kiba

Timoun 10-14 ane

“Mwen li 52,000 paj.” / 200 paj pa semèn

1958: 23 pou san granmoun Kiba pa te konn li

1981: 2 pou san

Rezon pou reyisit Kiben an: Pèp la te chofe; Revolisyon an

Li te gen yon sèl grenn lang

Keksyon pou kominikasyon

1. Kisa Dejan egzamine tout jan, tout manyè ?
2. Sa k te pase Kiba ki bon ? Ki jan Kiba diferan ak Ayiti nan koze alfabetizasyon ?
3. Dekri wòl liv genyen nan lavi ti Kiben ak ti Ayisyen.
4. Kisa ti Kiben abitye tande ti Ayisyen pa abitye tande ?
5. Esplike « tantin » / « tonton » avèk « vwazen » / « vwazin ».
6. Lè ti Ayisyen « li franse », sa sa vle di ?
7. Kisa mo « zansèt » vle di an kreyòl ?
8. Ki pedagoji nou kapab jwenn fasil an Ayiti ?

Kreyòl ayisyen, Inivèsite Laflorid
Ben Hebblethwaite, Oktòb 2007

MO KWAZE kreyòl ayisyen

Vèsyon 1.0

			<i>Total</i>	
a₁ - 5	à₈ - 2	an₁ - 4	 11	
b₃ - 4	ch₃ - 3	d₂ - 4	 11	
e₁ - 5	è₁ - 5	en₁ - 4	 14	
f₄ - 3	g₂ - 3	h₁₀ - 1	 7	
i₁ - 5	j₃ - 3	k₁ - 5	 13	
l₃ - 3	m₃ - 4	n₂ - 4	 11	
o₁ - 3	ò₁ - 3	on₁ - 3	ou₁ - 3	 12
p₃ - 3	r₅ - 2	s₃ - 3	 8	
t₄ - 2	ui₈ - 1	v₄ - 2	 5	
w₄ - 2	y₄ - 2	z₄ - 2	 6	

kare vid -2

Total yo : Vwayèl 43 Konsonn 55 Vid 2

Ekri yon atik sou MO KWAZE kreyòl n ap devlòpe : 4 paj

Pibliye yon atik nan yon liv n ap pibliye ete pwochen.

- Jwe avèk alfabetizasyon ; jwe epi konnen san aprann
- Ki jan nou kapab ayisyenize jwèt la.
- Ki jan jwèt la kapab ede moun aprann li ekri.
- Devlopman yon ti diksyonè MO KWAZE pou sèvi kòm baz jwèt la.
- Tradiksyon nosyon Eskrab an kreyòl.
- Pwoblèm detèmine fòm jwèt la pral pran.
- Ki jan pou reprezante otograf kreyòl? ('e' / 'è' / 'en' olye 'e').
- Ki jan nou kapab popilarize eskrab
- Teyori eskrab. Lasyans eskrab.
- Kilti jwe jwèt ann Ayiti.
- Pwoblèm nou kontre lè n jwe jwèt la.
- Aspè materyèl ak legal / maketing, biznis jwèt la.
 - Sèvi ak Dejan pou sipòte epi jistifye agiman ou yo

- Sèvi ak 4 lòt liv oubyen atik ; mete yo nan bibliyografi ou a.

Règ pou jwe eskrab kreyòl ayisyen Benjamin Hebblethwaite, 2008

Pou de (2) rive kat (4) jwè

Objektif la:

Objektif jwèt Eskrab la se pou fòme mo ki kwaze yonn ak lòt sou plato jwèt la. Chak jwè batay pou l mete mo ki long epi ki bay anpil pwen.

Pou jwe, mete tout jeton lèt yo nan yon ti sak epi melanje yo byen melanje. Se jwè ki gen lèt pi pre lèt 'A' a ki jwe an premye (A epi À epi AN...). Jeton vid la pi bon pase A. Chak jwè pran sèt nouvo jeton lèt epi li mete yo sou ti biwo li a.

Jwe Jwèt la

1. Premye jwè konbine de oswa plis nan lèt li yo pou fòme mo ki orizantal (agòch pou ale adwat) oswa vètikal (anwo pou ale anba). Mo yo *pa* kapab dyagonal. Youn nan lèt li yo dwe chita sou zetwal (*) ki nan mitan plato a. Note zetwal * double valè premye mo a.

Ou gen dwa mete nenpòt mo ki nan yon diksyonnè kreyòl ayisyen. Ou pa ka mete non pwòp (non yon moun oswa konpayi), abrevyasyon, prefiks, sifiks, mo ki gen apostwòf oswa trèdinyon. Mo etranje ki nan diksyonnè yo oke paske si yo la yo konsidere yo entegre nan kreyòl la. Sonje : nou gen dwa konekte prefiks, sifiks oswa mòfoloji avèk mo ki deja sou plato a men nou pa ka depoze prefiks, sifiks oswa mòfèm pou kont yo. Kidonk, *re + monte = remonte* bon men *re* pou kont li pa bon.

Nan eskrab, ou gen dwa jwe yon mo ki pa bon tou. Men, si yon moun rele 'DEFI!' anvan moun ki jwe apre li mete mo li a, epi yo dekouvri mo li a pa bon nan diksyonnè a, moun nan dwe wete mo li epi li manke tou li a.

2. Apre ou depoze yon mo sou plato a, konte valè pwen ou pran pou li epi ekri rezilta a. Apre, ou met pran kantite lèt ou te jwe a nan sak la. Toujou kenbe sèt (7) lèt nan ti biwo ou jiska tout lèt yo fini.

3. Jwèt la avanse sou men gòch (sa vle di w ap suiv zegui mont lan).

4. Moun ki dezyèm nan dwe depoze yon mo ki konekte ak omwens youn nan lèt premye jwè a te depoze. Si li pa fòme yon mo kote l konekte a, li pa bon. Jwè ki jwe a resevwa tout kredi pou tout mo li te fòme oswa modifiye.

Eskò

Yon moun kenbe rejis tout eskò yo. Endike total la anba yon ti liy:

20

5

Si mo a tonbe sou yon kare $MO \times 2$ jwè a resevwa 2 fwa valè total mo a. Si mo a tonbe sou yon kare $MO \times 3$ jwè a resevwa 3 fwa valè total mo a. Si mo tonbe sou de (2) kare $MO \times 2$, jwè a jwenn 4 fwa valè pwen epi si mo a tonbe sou de (2) kare $MO \times 3$ jwè a resevwa 9 fwa valè mo a. Si mo a tonbe sou yon kare $LÈT \times 2$ oswa $LÈT \times 3$ se annik jeton lèt ki tonbe sou li a ki pral miltipliye.

Lè kare vid tonbe sou yon kare wòz oswa ble, valè mo a double oubyen triple, menm si jeton vid la pa gen yon valè sou li.

Kare doub/trip sèlman konte premye fwa ou jwe sou yo.

KADO! Si ou jwe 7 lèt nan tou pa ou a, ou resevwa 50 pwen apre ou fin fè adisyon an.

Lèt ki rete nan biwo ou nan fen jwèt la, ou soustrè valè pwen yo nan eskò final ou a.

Moun ak eskò ki pi wo a se li menm ki genyen jwèt la!

Dejan 102 – 108

Vokabilè:

Se yon jwèt kote timoun kouri anpil
Lè w entèwonp yon moun
Se sa loraj la fè
Se sa lapli fè
Se objè yon vèb
Se yon moun ki swiv tout ti detay fen fen
Ou travay tèlman ou santi w ap mouri
Ou gen kapasite, talan, ou pare pou djòb la

Tradui:

1. Six months of rain, six months of drought
2. Yon ale vini nan tout peyi a.
3. He was a good character
4. Tout ras li ta rejte l kòm yon vakabon
5. Apre yon jounen travay pete fyèl

Keksyon pou kominike

6. Eske te gen esklav nan Sen Domeng ki te konn li ekri? (Malanfàn)
7. Dekri konesans lang Tousen Louvèti te genyen
8. Epi Desalin?
9. Eske ou kapab pase 7 ane sou ban lekòl an Ayiti san ou pa aprann franse?
10. Kisa k bon ak pa bon nan liv Dejan?

Djòb / metye:

**Dekri kisa moun nan fè nan djòb sa yo.
Bay yon egzanp yon bagay moun nan fè nan djòb li**

travayè	bòs	apranti
komèsan	kiltivatè	kouti / tayè
maren	madan sara	fewonri
pechè	fèblantye	bouretye
òfèv	ebenis	boulanje
mekanik	kòdonye	mason
chapant	enspèktè	pwofesè

**Kounyeya chwazi 3 metye epi emajine ou menm
w ap eseye vann sèvis ou yo devan yon kliyan (patnè
ou). Kisa w ap di ? Kisa kliyan w pral di ?**

Pi fò elèv te mèt pase diz an lekòl ann Ayiti yo pa konnen
pale franse pou sa (103)

1. Aktivite Rap! 1 – 14 – 16

Ekonomi

Koripsyon / magouyè

Pwoblèm elèv yo genyen

Pwoblèm nan sosyete

Eleksyon Barak Obama / John McCain

2. Dejan, 108-15.

- a) Poukisa Dejan pale de sè Napoleyon, Polin Bonapat ?
- b) An 1800 èske pi fò granmoun an Frans te al lekòl ?
- c) Dekri kondisyon alfabetizasyon an Frans nan 1957 ak 2000.
- d) Konben bato a vwal te rive an Ayiti chak ane nan epòk lakoloni ?
- e) Pale mwen de « Papa Desalin » ? Ki kalite bagay nou aprann sou li ?
- f) Nan ki lane dènnye batiman esklav te antre nan Kap Ayisyen ?
- g) Gwo save ki ekri sou aprann yon lang Ozetazini oubyen Potoriko gen yon sityasyon ki pa menm ak Ayiti... poukisa ?
- h) Ki jan Dejan konpare edikasyon an Ayiti ak koze Elektrisite d Ayiti ak Delko ?
- i) Esplike : ATRAP yon lang
 APRANN yon lang

Vokabilè kominikatif!

- a) Ki lè w ap repara dega?
- b) Ki kote yo konn anbake danre lotan? Epi jodi a?
- c) Ki moun fè bofi a pè?
- d) Ki moun k ap woule w de bò?
- e) Ki moun ki pa sensè?
- f) Èske ou konn fè fent tanzantan?
- g) Ki son ki pi difisil an kreyòl oswa angle?
- h) Ki lè ou bezwen apiye kò w?

Dejan 2006, paj 116-120

1. Konben moun viv Ozetazini (resansman 2000)?
2. Konben lang ki egziste Ozetazini?
3. Konben moun pale panyòl Ozetazini?
4. Ki lang minoritè nou kapab jwenn nan Kanada?
5. Ki minorite n ap jwenn Brezil?
6. Ki pousantaj timoun Dominiken konn li?
7. Esplike: “Gen plizyè degre jamayiken pi pre oubyen pi lwen angle”
8. Èske yon lang izole yon moun?
9. Èske tout moun dwe pale de lang?

Tradui:

1. “Anwetan timoun alabazaj”
2. “Ou se yon kretyen vivan”
3. “rès restan an”
4. “The upside down parrotting school”
5. “a second large group of people who speak French envelops them”

Ti koze sou Lafrans

1957: kantite anwole ekri malman oswa analfabèt.

2000: 12 milyon sou 60 milyon jèn ale lekòl.

1793

Dejan 120-131

Devine:

1. Se yon lòt mo pou moun = kretyen vivan
2. Yon gran jwè foutbòl Ajantin = Maradona
3. Se yon ti modèl planèt latè = glòb terès
4. Se yon peyi mizilman ki prèske nan Lewòp = Tiki
5. Brezil plante anpil ... kafe
6. Ajantin fè gwo elvaj ... bèf
7. Poukisa nouvèl gaye pi vit konnya? Telefòn, faks, imèl
8. Se kapital Islann Islennka
9. Se konsa yon ti bebe bouje kò l. Nan rale
10. Se yon moun ki pwofonde nan lasyans. Savan / nèg save
11. Yo rele yon moun mouri sa a defen entèl

Esplike:

1. “Pa ki filyè yo kapab rache cheve nan yon tèt chòv?” (121)
2. Kisa ki ta vreman izole Ayiti? (121)
3. Esplike rapò angle genyen ak Ayiti? Ki jan rapò sa a te chanje nan 100 lane pase yo?
4. Epi panyòl, ki rapò l genyen?
5. “Lang se pa mo degrennen” (130)

Keksyon pou pratike vokabilè

1. Ki moun k ap **vire lòlòj** ou? (122)
2. Ba yon egzanp de sa **malfektè** konn fè? (122)
3. **Vle pa vle**, kisa ou dwe fè?
4. **Ata** prezidan Obama dwe fè sa. (123)

5. Kisa kèk ayisyen jwenn **depi nan tete?** (124)
6. Ki lang rele w **chè mèt chè mètrès?** (125)
7. Nan ki domèn ou pa konn **yon pwèlyèm?** (125)
8. Kisa ki konplike **alestwòdinè** nan lavi a? (128)
9. Ki lè ou konn **grennen pawòl** sou lòt moun ? (128)

Ti Kwiz sou Dejan 131-135 (Fè lekti ou chak jou!)

1. Tout sistèm edikasyon sèvi ak pwopagann. Pa egzanp, kisa sistèm ameriken an di sou Jòj Wachintonn? (131)
Li pa t janm bay manti lè l te timoun [3 pwen]
2. Ki jwèt Dominiken pi renmen jwe? (131) **bizbòl** [2]
3. Poukisa liv ak atik ameriken sou koze bileng pa aplike menm jan ann Ayiti? (132) [5 pwen]
4. Si entelektyèl yo kwè l enpòtan pale ak anpil anpil moun, ki lang yo ta sipoze anprann? (133) **chinwa** [3]
5. Nan domèn lang entènasyonal yo, kisa Ayiti pa manke? Ayiti chaje ak moun say o. **Entèprèt / tradiktè / save lang / moun ki pale anpil lang** [3]

Tradui = mete fraz yo an anglè

1. l ap grennen pawòl sou lòt moun (128)
2. se ak twa sistèm konplike alestwòdinè sèvo l ap jwe... san l pa fè kantite erè ata gran savan etranje... ap plede fè...
3. se aktivite pèsònèl moun degrennen ki gen anpil limit (133)

Vokabilè = esplike sans lan an kreyòl
ti Jòj ki pa te janm manti a se **lejann**
tout **traka** sa a pou plizyè milyon ayisyen
Nasyon Zini **an**
kominikasyon entènasyonal mache **lib lib**
pi fò / lamwatye / yon ka

Keksyon = mande yon zanmi

1. Esplike edikasyon bileng pou minorite nan peyi tankou Etazini.
2. Ayisyen benyen nan ki lang? E nan lekòl la?
3. Etazini benyen nan ki lang? E nan lekòl la?
4. Poukisa li dwòl panse ayisyen bezwen pale dirèk dirèk ak moun ki pale franse yo? (115 milyon moun nan lemond)
5. Dejan dakò yo mete franse nan lekòl ann Ayiti sou ki kondisyon yo? (135)

Dejan 136-143...146

1. Lekòl fèt pou _____ timoun (136)
[all]
2. Anvan yo _____ keksyon kon sa... (137)
[approach]
3. Lè nou pran _____ nou
[when we think with composure / take our time]
4. Inè _____
[in the afternoon]
5. ...ni nan liv, ni nan _____, ni nan journal...
[revues]
6. Timoun ann Ayiti gen _____
[bad luck]
7. yon lang ki mache nan _____ yo.
[in their blood; they're comfortable with]
8. yon lang ki rele yo chè _____ chè _____.
[master ~ mistress]

Repons yo:

140-147

Esplike:

1. Tonbe kouri *vizavi* tonbe flote nan lespas. Kisa Dejan vle di?
2. Bwa kwochi mal pou drese
3. Abitid se kolye

Keksyon yo = mande patnè ou a

1. Ki avantaj bab e moustache Ayiti genyen konpare ak peyi ann Afrik?
2. Poukisa pwoblèm lang konplike ann Afrik?
3. Ki pozisyon Nasyon Zini pran sou koze lang lekòl?
4. Eske sèvo tout timoun òganize menm jan? (147)

Defini ak itilize:

“ti gwoup bileng lan”

Egzanp:Ti gwoup bileng lan ensiste se pou tout moun aprann franse nan lekòl la.

- a. “Ala fasil...”
- b. dejwe entelijans moun nèt
- c. Astwonèt
- d. Bòde yon keksyon
- e. Zòrèy li alekout
- f. Pi fò oubyen lamwatye
- g. Rale yon moun sòti nan reve je klè

Anne Marie, Un jour en Haiti / yon jou an Ayiti

1. Ki laj li?
2. Konben timoun li genyen?
3. Ki kote Anne-Marie prale? Ki jan?
4. Ki jan l degaje l?
5. Ki sa l fè ak kòb li?
6. Ki pwoblèm Anne Marie genyen nan Dominikani?
7. “M **fin** achte **atò**” = finalman; anfas
8. Atò m fin achte
9. Nan ki mache AM konn vann? Ki jan l ale?
10. Lè l rive lakay li apre mache, kisa li konn fè?

Dejan, 148 – 156

Reponn epi esplike:

1. Nan ki lang ou degaje ou?
2. Poukisa “sèvèl [= **brenn**] pi fò Ayisyen gran konnen gaye” ?
3. Ki lang yo itilize nan lekòl Dominikani? Poukisa ?
Poukisa Dejan pale sou sa ?
4. Esplike : “Pitit pitit yo pa gen valè si yo pa tyoul [= sousou] Lafrans.”
5. Poukisa Dejan di : « Ayisyen se pèp ki pi entelijan ki genyen sou latè » ? **blag/iwoni/sakas**

6. Kisa konstitisyon 1987 di sou kreyòl ayisyen? (151)
7. Esplike sans rezilta “retorik” ak “filozofi” nan paj 152.
8. Lè moun ap denonse rezilta ann Ayiti, yo pa gen odas bay ki kritik? (153)
9. Lè y ap pale de lekòl, ki jan moun yo ap **kabre** laverite ann Ayiti?
10. Ki egzanp oswa analogi Dejan itilize nan lekti sa a?

Table 1 2001 Pass, Re-take and Elimination Results for the Junior and Senior Years in Public Schools in 3 Haitian Departments

A. <i>Rhétorique</i> (Junior year)	L'Artibonite (5,670)	Northwest (1,329)	West (52,599)
Passed	7.89% (448)	11.29% (150)	17.40% (9,152)
Re-take	24.48% (1,390)	34.84% (463)	35.69% (18,775)
Eliminated	67.64 (3,841)	53.88% (716)	46.91% (24,672)
B. <i>Philosophie</i> (Senior year)	L'Artibonite (1,278)	Northwest (448)	West (21,515)
Passed	43.18% (868)	41.07% (184)	50.75% (10,918)
Re-take	42.89% (862)	51.12% (229)	39.76% (8,555)
Eliminated	13.93% (280)	7.81% (35)	9.49% (2042)

Dejean (2006, p. 152)

Vokabilè

Sa ki **vo** pou ayisyen

Pitit pitit yo pa gen vale si yo pa **tchoul** Lafrans.

Tradui

kreyòl > angle

Sistèm pachiman lekòl Ayiti a

Moun di gen koken

lekòl nou an ap fin depafini, l ap fè bak

angle > kreyòl

they're really idiots

it's a poison that has removed their souls

it's going to continue going astray

Se kreten yo kreten / Se sòt yo sòt

Se yon pwazon ki wete nanm yo

l ap kontinye al aladriv

Vokabilè nan Dejan

1. Sa ki **vo** pou ayisyen
(a) worth (b) counts
 2. Pitit pitit yo pa gen vale si yo pa **tchoul** Lafrans.
a) equal (b) superior (c) subservient
 3. Sistèm **pachiman** lekòl Ayiti a.
(a) Under par (b) Under-funded
 4. Moun di gen **koken**
a. lòd (b) kriz (c) twonpe
 5. lekòl nou an ap fin **depafini**, l ap fè bak
a. li bon (b) li detwi (c) li konplete
 6. they're really **idiots**
a. kretyen (b) kreten (c) chodyè
 7. it's a **poison** that has removed their souls
(a) migan (b) pwason (c) pwazon
 8. it's going to continue going **astray**
(a) al aladriv (b) degrenngòch (c) tèt anba
 9. Ayisyen se pèp ki pi entelijan ki genyen sou latè.
(a) Vre (b) Pa vre
 10. Nan lekòl ayisyen "Retorik" egal:
(a) Sophmore (b) Junior (c) Senior
 11. Nan lekòl ayisyen "Filozofi" egal:
(a) Sophmore (b) Junior (c) Senior
-

Pwovèb yo

12. Vant plen
 - a. Tèt sou
 - b. manman ou sou
 - c. dèyè sou
13. Lestomak se
 - a. Lanfè
 - b. pa santi bon
 - c. kòf
14. Sak vid
 - a. Kanpe djanm
 - b. pa kanpe
 - c. se vid li vid.
15. Manje kwit...
 - a. Pa gen gou
 - b. pa gen pitit
 - c. pa gen mèt
16. Lè ou soupe kay yon moun...
 - a. Ou dòmi ta
 - b. ou dòmi bonè
 - c. ou pa dòmi

Keksyon kout [5 pwen chak]. Ekri respons ou sou yon fèy papye.

17. Lè moun ap denonse rezilta ann Ayiti, yo pa gen odas bay ki kritik? (153)
18. Poukisa “sèvèl pi fò Ayisyen gran konnen gaye” ?
19. Ki lang yo itilize nan lekòl Dominikani? Poukisa ? Poukisa Dejan pale sou sa ?

Se kreten yo kreten / Se sòt yo sòt
Se yon pwazon ki wete nanm yo
I ap kontinye al aladriv

Dejan157 – 168

1. Ki sa ki diferansye *gz / ks* nan mo sa yo?

	English	English
egzamen	exam	eksè excess
egzanp	example	egzampel taksi taxi
egzante	avoid	vaksen vaccination
vaksinashon		
egzije	demand	eksite excited

2. Ki jan òtograf kreyòl la pi kòrèk pase franse, panyòl, angle ak alman? **Eple yon mo menm jan ou di li**

Fonetik through / thru

3. Kote yo pale chinwa?

4. Esplike: prensip ak paramèt inivèsèl.

5. Kote yo pale ketchwa? Pewou Quechua

6. Eske Desalin te mande yo mete franse nan lekòl ayisyen?

7. Konben moun ki peri nan lagè lendepandans?

8. Poukisa ekriti se yon mas ki maske verite son lang lan? Eske se vre pou kreyòl?

Through

konstruct – kind – kween – Krist –
cherish

Vokabilè ak espresyon yo:

- | | |
|------------------------------|-----------------------------------|
| 1. such and such area | nan tèl tèl zòn |
| 2. small tiger is a tiger | ti tig se tig |
| 3. their mouths never stop | Bouch yo pa gen dimanch |
| 4. there is tolerance for | gen sitirans pou / sitire |
| 5. the french army ran away | lame franse kraze rak |
| 6. a handful of hawks | yon ti ponyen malfini |
| 7. so very surprised | si tèlman estomake |
| 8. by hitting the books hard | nan bat bèt la |
| 9. 'Well found, well met' | byen jwenn byen kontre |
| | |
| 1. Nèg d Ayiti ki te peri | Haitians who perished |
| 2. ...boukantay lang | trading languages |
| 3. Kanbis ayisyen | money changers |
| 4. Yon ti babye lide dwòl | a little babbling for crazy ideas |
| 5. Lame franse kraze rak | the French army ran away |

Chapit 18, 169-178

1. Ki onz gwo manti Dejan denonse?
Chak gwoup pran 2 manti epi jwenn lòt rezon pou montre ki jan se gwo manti yo ye.
2. Marye vèb la ak bèt la:

jape | bourik

begle		malfini
ranni		chwal
vole		bèf
naje		chen
kouri		reken

3. Gen moun ki di kreyòl se yon lang ‘pòv.’ Yo di li ‘manke mo.’ Ki jan Dejan atake lide sa a?
4. Lè Dejan di ayisyen manke ‘vitamin F,’ sa l ap eseye di?
5. Lè Dejan di ayisyen pèdi ni sak ni krab, sa l vle di ak espresyon sa a?
6. Ki solisyon ‘moun fou’ genyen pou Ayiti?

demiyèdtan

tripotaj / tripotay

lamwa chaje liv

yon salopri lang

pe bouch yo

bon dòz

gran antrènman pedagoji

yon plan matyavèl, yon plan pwenn fè pa

Dejan 179-192

Jodi a: 1. Revize Dejan 20 minit 2. Règ Mo Kwaze Kreyòl
5 minit; Jwe 25 minit.

Vokabilè

Moun ki gen repondong

nèf kout rigwaz

leson yo pa rive resite pa kè

diyite

pwose a

lang y ap kòche a
kòmannman

1. Kisa l ye, jounal yo rele *Monitè* ann Ayiti?
2. Mizè/Malsite oubyen Franse alabaz pwoblèm yo?
3. Èske grennen mo se menm ak grennen lide ?
4. Sa sa ye, kreyòl bannann ?
5. Sa sa vle di : Lè lekòl ak lavi mache men nan men?
6. Dapre lalwa ayisyen, èske timoun kapab pale kreyòl lekòl ?

Rapèl gramè:

Lekòl la	yo
Pò a	yo
Gason an	yo
Fanm nan / lan	yo
Mont lan	yo

Lekòl ki bèl la	yo
Pò ki bèl la	yo
Gason ki bèl la	yo
Fanm ki bèl la	yo
Mont ki bèl la	yo

Dejan 193 – 213

Se kondisyon ki bat kòk

1. Sa sa ye ? Vwayèl oral / vwayèl nazal ; konsòn / konsòn nazal.
2. Esplike mo *konvansyon* an. Ki jan l aplike nan Dejan ?

3. Poukisa anpil ayisyen ki antre nan sistèm lekòl Ayiti a pèdi ni sak ni krab ?
4. Poukisa li pi difisil aprann li ekri angle pase franse, panyòl, italyen ak kreyòl ayisyen ?
5. Nan tout lang sa yo, ki lang ki gen sistèm òtograf ki pi modèn ak regilye ?
6. Poukisa nou ekri *pàn, pan, pann* ? Ki sa mo sa yo vle di ?
7. Defini : fonèm
8. Eske li posib fikse yon lang ? Ki te vle fè sa ?
9. Kisa Dejan vle fikse ?

Ti Kwiz :

1. Tradui : ‘*yon afich mwen li nan sikisal Sojebank*’
2. Ekri twa vwayèl nazal kreyòl ayisyen genyen.
3. Ki vwayèl oral gen 2 lèt ?
4. Ki konsòn gen 2 lèt ?
5. Èske Dejan vle yon Akademi Kreyòl ?

Kreyòl ayisyen, HAI 2200

Lide nou bezwen konprann pou kwiz lendi a :

1. Poukisa mè siperyè a te di sa : ‘300 kreten tounen 300 kretyen’ (214-235)
2. Poukisa timoun yo eretik ?
3. Ki moun ki monseyè Kèsizan, ki sa l fè ? (220)
4. Ki jan Dejan kapab sonje yon bagay ki te pase gen 40 an ? poukisa fraz ‘*fidèl ki pa konn franse*’ = ‘woule m de bò’ (221)

5. Ki sitiyaşyon lang Lafrans te genyen nan ane 813? (222-225)
6. Poukisa Dejan site *Bib la* sou paj 223 ?
7. *Tande, montre, konprann* se mo enpòtan ki kote, poukisa ? (223-224)
8. Sa sa ye : konkòda (225) Ki moun ki fè l ? (225)
9. Depi ki lè yo fè sèmon kreyòl nan legliz Katolik ann Ayiti ? (227)
- 10.Èske pwotestan sèvi ak kreyòl? (228-229)
- 11.Kisa Dejan kritike sou paj 231 ?
- 12.Kijan Legliz Katolik chanje ant 1943 ak 2003 ? (231-235)
- 13.Kisa chanjman sa a vle di ?

Iv Dejan, *Yon lekòl tèt anba nan yon peyi tèt anba 236-244,*

1. Esplike lide sa a : ‘selon franse w se selon konnen w’ (236)
2. Ayiti gen 4 gwo opsyon lengwistik pou edikasyon. Ki opsyon yo ye ?
3. Poukisa Dejan di ‘ou fou nèt’ nan paj 238 ?
4. Nan ki peyi moun gen anbisyon fè edikasyon **bileng** ? 239
5. Ki fòt gouvènman ayisyen an te fè lè yo entwodui ‘refòm Bèna’ nan 1979 ? 239-40
6. Ki verite Jozèf Bèna rekonèt ? 241
7. Sistèm lekòl ann Ayiti vire do bay *ki sa* ? 242
8. Esplike : lanmè... larivyè... lapli... tranpe ladan n. 243
9. Èske gen lang ki gen pouvwa pote konesans... agwonomi, astwonomi... ? 243

Vokabilè
reve je klè
ladouskivyen kenèp
solisyon an parèt anpenpan
kokennchenn erè
kabre pwoblèm sa yo
mas timoun

Dejan 244-254

Dejan ap kritike vye lide nan batay

LEKÒL KREYÒL kont LEKÒL KREYÒL + FRANSE

1. « Ayiti ta byen kab tounen... yon peyi twa lang kote popilasyon an ta sèvi ak angle, franse ak kreyòl » (Yousèf 2002 : 191)

Kritik :

« Sa manke serye. Grangou nan kò anpil timoun, anpil granmoun, nou mèt di pi fò moun ann Ayiti »

Alegori : diri, fig, kann, patat, pistach, pitimi, zaboka VS.
bwat konsèy etranje, V-8, kònflek, boutèy plastik ji...

2. Matelye (1976: 36) : an Ayiti lang franse / an Frans lang laten =
« notre être historique » 'sa n ye nan listwa,'
« notre être psychologique » 'sa n ye nan sikoloji n'

Sa vle di franse yo ta sipoze aprann lang sèltik la ?

Sa vle di angle yo ta sipoze aprann lang franse ak alman/nelandè ?

Tout peyi ki mennen nan matematik bay leson nan lang majorite a (250).

4. « mwen ta renmen nou imajine Selyàn [yon ti fi te ekri pawòl sa yo nan lang manman l epi mwen pa plis pase yon entèprèt k ap tradui pou li » (Edwij Dantika 2002: 251)

Yon timoun dis rive douz an ekri 100 paj an kreyòl ann Ayiti ?

Kritik :

« ... se jan Ayisyen ki rive nan wo degre etid, ki abitye ak literati franse, sanble pa wè diferans ant sa ki vo pou tout moun... ak sa ki espesyal »

= SITIYASYON AYITI SE PA MENM AK LAFRANS/ETAZINI

Senk gwo baryè lekòl bileng ann Ayiti

rezon ekonomik
rezon jewografik
rezon sosyal
rezon pedagogik
rezon tan

Repons yo

| Leta pa gen lajan
| Ayiti pa kole ak peyi ki pale a/f
| Majorite pa benyen nan minorite
| Pa gen ase moun ki konn franse byen
| Anpil ane pou baz la ; san n pa pale
sou lide yo

Vokabilè : Abèy òtograf !

sa kapab pèmèt yo fè radiyès ak yo
franse se yon lang, se pa yon ti bondye
ata elèv klas segondè
pòm de tè frit
vèmisèl
lanmori ak pwason mayami

Dejan 255-265

Teyori egalego / menmman parèyman
Ki moun yo ye ? Kisa yo te fè ?

Achimèd
Nyoutonn
Rene Dekat

Galileyo Galileyi
Aystay

Ki sa yo fè nan djòb sa yo ?

dèmatoloji
kadyoloji
newoloji

jinekoloji
odyoloji
optik

Pou pwoblèm lespri/sèvo yo pare pou yo vire do bay prensip lasyans.

Orijin prejije lang ann Ayiti :

Esklavaj ann Ayiti

Nan esklavaj blan trete nwa kòm **enferyè**

blan trete lang moun nwa kòm **enferyè**

Enterè Ewopeyen mande pou yo pa rekonèt Afriken egalego

Kreyòl kòm ‘enferyè’ epi franse kòm ‘siperyè’ se
ERITAJ ESKLAVAJ

VOKABILÈ

Jwi kòb sal sa a

mache dwat lekòl, mache kwochi, mache bwete nan lavi

fòk lang ki alaparèy (262)

ann pran lalwa (262)

anvi

kouche l sou papye

yo nan koken

